

Sante LGBTQ



Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi yo gratis.



Swen Jeneralis

Anpil nan mezi pou adopte pou bòn sante, yo menm jan pou tout moun, men pou moun ki LGBTQ, gen baryè ki ka fè aksè nan sèvis swen sante pi difisil pou yo.

- Nan Vil New York, ou gen dwa pou jwenn swen ki respekte kimoun ou ye, kèlkanswa moun ou fè sèks ak li oswa fason ou dekri sèks pa ou.
- Pale onètman avèk founisè swen ou sou pwoblèm sante ou, lavi seksyèl ou, itilizasyon tabak ak dwòg.
- Fè founisè swen ou konnen ki non ak pwonon ou itilize (gason oswa fi), medikaman ou pran ak nenpòt operasyon ou te petèt fè.



Ou gen dwa pou
jwenn swen
**san yo pa pote
ijiman.**

Pou jwenn yon founisè swen ki gen konesans nan LGBTQ, rele **311** oswa ale sou sitwèb **nyc.gov/health/lgbtq**.

Sante Seksyèl

Ou kapab jwi lavi seksyèl ou epi rete ansante. Pale ak founisè swen sante ou oswa ale nan yon Klinik Sante Seksyèl Depatman Sante pou tikras frè oswa gratis pou:



- Prepare yon plan swen sante seksyèl ak repwodiktif ki mache pou ou
- Pran vaksen pou HPV, epatit A ak B, ak menengokoksik, si founisè swen ou rekòmande yo
- Fè tèsp pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, ankontan VIH

KONNEN SITYASYON OU AK VIH

Si ou negatif pou VIH, epi ou enkyete osijè VIH, mande founisè swen ou enfòmasyon sou PrEP. Si ou panse ou te an kontak ak VIH, ale nan yon depatman dijans oswa Klinik Sante Seksyèl san pèdi tan epi mande PEP. Ou kapab rele tou **Liy dirèk PEP nan Vil New York, 24 sou 24, 7 jou sou 7**, nan **844-373-7693**.

Sante Mantal




Moun ki LGBTQ gen plis chans pou fè depresyon ak anksyete akòz prejije sosyete a kont LGBTQ.

Sèten moun ki trans gen strès anplis lè yo trete yo nan yon fason ki pa annakò avèk jan yo wè tèt pa yo sou plan seksyèl.



Moun fè fas ak strès ak depresyon nan divès kalite fason, ankontan move itilizasyon dwòg ak alkòl.

Si w gen pwoblèm pou fè fas, pale ak doktè w oswa yon moun ou fè konfyans osijè resous pou ede w jere sante w.



Si ou vle èd pou jwenn sèvis yo oswa pou w pale ak yon moun, rele **NYC Well (NYC Anfòm)** nan **1-888-692-9355** oswa voye tèks ak mo **WELL** nan **65173**.

Bay Jenn LGBTQ yo Sipò

Elèv lekòl segondè LGBTQ gen plis chans pou sibi vyolans fizik ak seksyèl ak entimidasyon pase lòt timoun parèy yo ki enterese nan moun ki pa menm sèks ak yo.¹

Pou bay yon moun pwòch ou sipò:



1 Fè yo sonje ou ba yo enpòtans epi ou vle ba yo sipò ak ankourajman

2 Konekte yo ak resous oswa aktivite jenn LGBTQ

3 Ale sou sitwèb **nyc.gov** epi chèche **LGBTQ youth (jenn LGBTQ)** pou jwenn lòt resous anplis

¹"Health Risks Among Sexual Minority Youth" (Risk pou Sante nan Pami Jenn Minorite Seksyèl), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention).
<https://www.cdc.gov/healthyouth/disparities/smy.htm>

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy

Jwenn Plis Enfòmasyon Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/LGBTQ**

Jwenn yon Klinik Sante Seksyèl Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/clinics**

Resevwa Dènye Bilten Sante Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs**



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.